

## **BAB III**

### **MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méthode Panalungtikan**

Panalungtikan ieu ngagunakeun metodé déskriptif nya éta métode panalungtikan anu maksudna pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku jalan ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto, 1993:270)

Anu didéskrripsikeun perkara adegan kalimah pananya anu kapanggih dina kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman.

#### **3.2. Téhnik Panalungtikan**

Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi dokuméntasi jeung téhnik analisis téks. Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data nu mangrupa catetan, transkrip, buku, majalah jsb. Dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data kalimah pananya.

Téhnik analisis téks dilaksanakeun kusabab sumber datana mangrupa data tinulis, tujuanana pikeun ngolah hal-hal anu patali jeung déskripsi kalimah pananya.

### 3.3 Padika Ngumpulkeun Data

Tehnik panalungtikan nu digunakeun nya éta téhnik studi dokuméntasi jeung téhnik analisis téks. Téhnik studi dokuméntasi dipaké pikeun nyungsi informasi dina néangan jeung ngumpulkeun data. Téhnik analisis téks dilaksanakeun kusabab sumber datana mangrupa data tinulis. Aya sababaraha tahapan ngumpulkeun data nya éta:

1. Nangtukeun sumber data anu mangrupa basa Sunda ragam tinulis nya éta carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman
2. Maca buku kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman
3. Nyirian kalimah pananya nu aya dina éta novel
4. Nyalin kalimah pananya nu geus dicirian kana kartu data
5. Nyusun kartu data sacara alfabetis
6. Nyalin kalimah pananya tina kartu data
7. Nyieun papasingan kalimah pananya dumasar kana adegan jeung ma'na
8. Ngitung jumlah kalimah pananyana

### 3.4 Padika Ngolah Data

Dina tahapan ngolah data, nu jadi puseur garapanana nya éta:

1. Mariksa deui sakabéh data kalimah pananya anu geus disusun sacara alfabetis

2. Nganalisis kalimah pananya numutkeun tata basa pragmatik
3. Ngadeskripsikeun data pragmatis kalimah pananya nu geus di analisis
4. Mariksa deui sakabeh data nu geus di analisis.
5. Nyieun kacindekan.

### 3.5. Instrumen Panalungtikan

*“Instrument penelitian adalah alat yang digunakan oleh peneliti dalam mengumpulkan data agar pekerjaannya lebih mudah dan hasilnya baik, dalam arti lebih cermat, lengkap, dan sistematis sehingga lebih mudah diolah. (Arikunto,2002:136).”*

Supaya leuwih gampang nganalisisna , instrumén nu dipaké nya éta mangrupa kartu data. Dina unggal ungkara nu ngandung kalimah pananya dina kumpulan carpon *Ajalna Sang Béntang Pilem* karangan Duduh Durahman disalin kana éta kartu, sarta dieusian ku cutatan data (kartu) diébréhkeun kode sumber data, kaca, alinéa, jeung jajaran. Sangkan leuwih anteb contona saperti kieu:

#### KARTU DATA

S

Saha nu pangheulana manggihan? (ASBP/9/3/1)

Adegan pragmatis : K. Pananya +C

Ma'na Pragmatis : “nanyakeun golongn/jalma”

Tahapan Pragmatis : Ragam loma

### 3.6 Sumber Data

Nu dimaksud sumber data dina panalungtikan nya éta ti mana asalna subjek data anu ditalungtik (Arikunto,2002:107). Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta tina buku kumpulan carpon *Ajalna Sang Bentang Pilem* karangan Duduh Durahman. Carpon ieu mangrupa salah sahiji karangan Duduh Durahman anu medal dina taun 2004. Ieu carpon ogé ngawengku 139 kaca.

